

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga judul “Kumpulan Carpon *Bral* karya Supriatna (Ulikan Struktural jeung Ajén Sosial)”. Hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung ajén sosial nu aya dina carita. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, tiori anu dipaké dina ngaguar struktur caritana nyaéta tiori Stanton anu nétélakeun yén unsur karya sastra téh nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) sarta sarana carita (judul, gaya basa, jeung puseur implengan). Sedengkeun ajén sosial anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tiori Soekanto anu ngawengku ajén sosial agama, ajén sosial moral, ajén sosial ékonomi, ajén sosial politik, jeung ajén sosial atikan.

Struktur carita nu nyampak dina dalapan carpon tina buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna nyaéta ngawengku téma, galur, tokoh jeung watek, latar, judul, gaya basa, sarta puseur implengan. Téma tina dalapan carpon anu kapaluruh sacara gurat badagna mah sarua, nyaéta ngeunaan kahirupan kulawarga anu teu leupas tina pasualan lingkungan di sabudeureunana. Téma nu kapaluruh ngeunaan kahirupan jaman baheula nyaéta aya dina carpon “Uyut”, “Sakaca Catetan Nini”, “Nini Sarti”, “Bagéan”, jeung “Aki Ukon”. Sedengkeun téma carita anu kapaluruh ngeunaan carita kahirupan nu kaalaman ku tokoh kuring nyaéta carpon “Ema”, “Bral”, jeung “Nu Teu Nalipak Manéh”. Galur nu kapaluruh tina dalapan carpon nyaéta galur maju jeung galur campuran. Galur campuran dina carita nu kapaluruh téh nyaéta galur anu mimitina ngagunakeun galur maju di awal jeung ahir carita sarta galur mundur di tengah carita. Tokoh nu kapaluruh dina carpon téh tangtu béda-béda dumasar kana eusi carponna, tapi nu jadi palaku utama dina unggal carpon nyaéta tokoh kuring, anu séjénna aya nu jadi tokoh nu dicaritakeun ku tokoh kuring, aya ogé anu ngan saukur disebut hungkul dina carita. Latar anu kapaluruh dina carita kabagi tilu rupa nyaéta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Latar waktu anu kapaluruh tina unggal carita kabagi jadi dua bagian nyaéta latar waktu nu tangtu jeung latar waktu nu teu tangtu. Latar waktu nu tangtu dina carita nyaéta hiji poé, beurang, peuting, isuk-isuk, pasosoré, taun 1960, ayeuna. Sedengkeun latar waktu nu teu tangtu nyaéta harita, baheula, genep bulan sakali, sanggeus sawawa.

Judul anu kapaluruh dina dalapan carpon ngagunakeun judul tokoh anu dicaritakeun ku tokoh utama sarta judul anu dumasar kana eusi carita. Gaya basa anu nyampak dina dalapan carpon kaitung loba. Gaya basa anu sok muncul dina sakabéh carpon nu ditalungtik nyaéta gaya basa rarahulan. Gaya basa rarahulan mangrupa rakitan basa anu gunana pikeun ngayakinkeun nu séjén yén omongan anu ditepikeunana téh enya benerna, omonganana dileuwihan lantaran bakating ku hayang dipercaya. Puseur implengan anu kapaluruh dina dalapan carpon ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji, lantaran anu nyaritakeun sakabéh runtuyan carita téh nyaéta tokoh kuring.

Ajén sosial Soerjono Soekanto dina dalapan carpon kapaluruh lima ajén, nyaéta ajén sosial agama, ajén sosial moral, ajén sosial ékonomi, ajén sosial politik, jeung ajén sosial atikan. Ajén sosial agama kapaluruh dina unggal carpon anu katitén tina kumaha carana para tokoh ngajalankeun kahirupanana dumasar kana ajaran kaagamaan. Tina dalapan carpon anu dianalisis, kapaluruh ayana ajén sosial agama dina carpon “Uyut”, “Ema”, “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, Nini Sarti”, “Bagéan”, jeung Aki Ukon”. Ajén sosial agama dina carpon ilaharna nyampak dina wujud rasa sukur para tokoh, saperti dina carpon “Aki Ukon” anu ngawujudkeun rasa sukurna ku cara nyebut *Hamdallah* lantaran can pernah kacolongan ku DI/TII. Ajén sosial moral jeung ajén sosial ékonomi kapaluruh dina dalapan carpon anu ditalungtik. Ajén sosial politik kapaluruh dina carpon “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, “Bagéan”, jeung “Aki Ukon”. Ajén sosial atikan anu kapaluruh aya dina sakabéh carpon anu ditalungtik.

Dumasar kana pedaran ngeunaan analisis struktur jeung ajén sosial, bisa dicindekkeun yén buku Kumpulan Carpon *Bral* karya Supriatna téh ngawengku struktur carita nu lengkep. Dina dalapan carpon anu ditalungtik, ngagunakeun téma jeung pasualan anu teu jauh jeung lingkungan kulawarga jeung lingkungan sosial di jaman baheula. Anapon ajén sosial anu kapaluruh tina dalapan carpon téh tangtu aya bédana katitén tina téma anu digunakeun dina caritana sorangan. Saperti ajén sosial dina salahiji carpon anu judulna “Uyut”. Pangarang ngébréhkeun pesenna ngaliwatan tokoh utama anu ngarasa kaduhung geus jadi budak bangor basa aya kénéh uyutna. Kalungguhan karya sastra dina kahirupan sapopoé gumantung kana eusi caritana. Ari pikeun lingkungan masarakat, karya sastra wangun carpon

miboga mangpaat pikeun jadi eunteung dina kahirupan sapopoé. Éta hal téh patalina jeung kumaha carana pangarang nepikeun pesen ka pamaca ngaliwatan karya sastra.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho ngeunaan struktur jeung ajén sosial nu aya dina carita pondok. Sakur panalungtikan tangtu kudu aya hal anu bisa jadi ajén nu luhung pikeun kahirupan. Dina ieu hasil panalungtikan, tangtu aya waé hal nu jadi kaonjoyan jeung kahéngkérana. Teu ngurangan tina hal nu jadi kahéngkérana dina ieu panalungtikan, dipiharep sasieureun sabeunyeureun tina ieu hasil panalungtikan miboga mangpaat hususna dina ngalarapkeun ajén sosial pikeun kahirupan sapopoé di lingkungan kulawarga atawa masarakat.

## 5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara hal nu jadi rékoméndasi pikeun pamaca, masarakat, jeung panalungtik satuluyna. Pikeun pamaca dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa nambahana sarta ngajembaran pangaweruh ngeunaan ulikan sastra sarta ajén sosial anu satuluyna aya di lingkungan masarakat. Pikeun masarakat, dipiharep ajén sosial anu hadé dina karya sastra bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, boh di lingkungan kulawarga atawa lingkungan masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan téh jauh kénéh kana kecap sampurna. Ku kituna, ieu panalungtikan téh bisa ditalungtik deui leuwih jero, hususna tina buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna nu bisa ditalungtik kalayan lengkep tur ngagunakeun ulikan nu séjén.